**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–14.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उत्तराखण्डक देहरादू मे अड़तीसम् राष्ट्रीय खेल सपन्न भऽ गेल। एहि खेल मे बिहारक खिलाड़ी सभ अभूतपूर्व प्रदर्शन करैत कुल बारह पदक जीतलनि। एहिमे एक स्वर्ण, छओ रजत, आ पाँच कांस्य पदक शामिल अछि। राष्ट्रीय खेल के बिहारक टीम पचीस बरखक बाद स्वर्ण पदक जीतलक अछि। लॉन बाउल्स स्पर्धा में बिहारक महिला टीम स्वर्ण पदक जीत कके इतिहास रचि देलनि। लॉन बाउलक एकल पुरूष स्पर्धा में रजत पदक, जखनकि लेजर रन पुरूष स्पर्धा में कांस्य पदक भेटल अछि। संगहि राज्यके तलवारबाजी आ वुशु मे एक–एक रजत आओर एक–एक कांस्य पदक भेटल। एहि तरहें, रग्बी आ योगासन मेँ एक–एक रजत आ मॉडर्न पेंटाथलॉन मेँ कांस्य पदक सेहो भेटल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जहानाबाद मे मेडिकल कॉलेज अस्पतालक निर्माणक घोषणा कयलनि अछि। आइ प्रगति यात्राक क्रम मे मुख्यमंत्री अधिकारी लोकनिक संग समीक्षा बैसक मे कहलनि जे काल्हि पटना सँ एक उच्च स्तरीय टीम मेडिकल कॉलेजक निर्माणक लेल भूमि चिन्हित करबाक वास्ते जहानाबाद आओत। श्री कुमार बराबर पर्यटन क्षेत्रक समग्र विकास आ जहानाबाद मे स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स निर्माण करायल जयबाक घोषणा सेहो कयलनि। एहि सँ पहिने मुख्यमंत्री जिलाक लेल दू सय करोड़ टाकाक कतेको योजना सभक लोकार्पण आ शिलान्यास कयलनि। एम्हर, अरवल मे प्रगति यात्राक दरमियान मुख्यमंत्री कोरियम मे औद्योगिक क्षेत्रक निर्माणक घोषणा कयलनि। संगहि ओ स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स आ प्रेक्षागृहक निर्माण करयबाक घोषणा सेहो कयलनि। श्री कुमार अरवल मे एक सय एगारह करोड़ टाकाक लागतवला एक सय चौवालीस योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी दू हजार उनैस मे पुलवामा हमला मे अपन बलिदान दै वला सैनिक लोकनि कँ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे आबय वला पीढ़ी हुनकर बलिदान आ राष्ट्रक प्रति हुनकर अटूट समर्पण के कहियो नहि बिसरत। केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह सेहो पुलवामा हमला मे अपन बलिदान दै वला जवान सभकँ श्रद्धांजलि देलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे आतंकवाद समाजक सभ सँ बड़का

दुशमन अछि आ पूरा दुनिया एकरा खिलाफ एकजुट अछि। छओ वर्ष पहिने अझुके दिन जम्मू–कश्मीरक पुलवामा जिला मे आतंकी हमला भेल छल, जाहिमे सीआरपीएफ के चालीस जवान शहीद भऽ गेल छलाह।

———————————————————————

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्डक दसवीं आ बारहवीं के परीक्षा काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। परीक्षा मे पटना जोन सँ लगभग दू लाख परीक्षार्थी सम्मलित होयत। परीक्षाक लेल राज्यभरि मे दू सय सँ बेसी केंद्र बनायल गेल अछि। बोर्ड परीक्षार्थी सभकेँ स्कूल यूनिफार्म मे परीक्षा शुरू होयवा सँ एक घंटा पूर्व परीक्षा केंद्र पर पहुँचबाक निर्देश देलक अछि।

———————————————————————

समस्तीपुरक पूसा स्थित डॉक्टर राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय विश्वविद्यालय परिसर मे काल्हि सँ तीन दिवसीय किसान मेलाक आयोजन कयल जा रहल अछि। कुलपति डॉ. पी.एस. पांडेय जनौलनि अछि जे एहि मेला मे बिहार सहित देशभरि के पाँच हजार सँ बेसी किसान भाग लेताह।

———————————————————————

जमुई मे किउल–झाझा रेलखंड पर दादपुर रेलवे स्टेशन के पास अप लाईन पर असामाजिक तत्व द्वारा रेल पटरी के क्षतिग्रस्त करबाक प्रयास कयल गेल। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे रानीकुरा गामक लग रेलवे ट्रैक के काटबाक कोशिश कयल गेल। पेट्रोलिंग कऽ रहल कर्मी तत्काल एकर सूचना वरीय पदाधिकारी लोकनि कैँ देलाह। सीनियर सेक्शन मैनेजर राजेश कुमार सिन्हा जनौलनि अछि जे एखन एहि रेल लाईन पर ट्रेनक परिचालन तीस किलोमीटर प्रति घंटाक रफ्तार सँ कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे रेल पटरी के तेरह मीटरक लंबाई मे बदलल जयबाक काज चलि रहल अछि।

———————————————————————

पछिया हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक औसत न्यूनतम तापमान मे गिरावट आयल अछि। एहि चलते ठंड मे बढ़ोतरी भेल अछि। दिन मे रौद रहबाक बावजूद हवाक प्रभाव सँ कनकनी के असरि देखल जा रहल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलनि अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान न्यूनतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक आओर गिरावट भऽ सकैत अछि। एहि के बाद अगिला अड़तालीस घंटा मे न्यूनतम तापमान मे क्रमिक बढ़ोतरी होयत। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान आठ दशमलव तीन डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग सीतामढ़ीक पुपरी लगातार दोसर दिन प्रदेशक सभ सँ ठंडा स्थान बनल रहल।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक मधवापुर स्थित एक गोदाम मे गैस सिलेंडर फटला सँ लाखो टाकाक सम्पत्ति जरि कऽ नष्ट भऽ गेल। एसएसबी टीमक मददि सँ आगि पर काबू कयल गेल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।